

Fè 5!

Jwè 1-4



Laj 4+




5-10 min

OBJEKTIF


Konbine de kat pwen pou sòm nan bay 5.

KAT POU UTILIZE

Kòmanse avèk:



De
0-5




10 kare
0-5


Pou jwèt apre yo: chwazi plis kat, yonn pa yonn:



Pwen nan yon lòd
espesifik
0-5



Pwen ki gaye
0-5




Sèk
0-5

KÒMAN POU JWE


1. Chwazi epi melanje kat yo.



2. Mete tout kat fas anlè.



3. Ou ka kòmanse jwèt la lè w di, “Mwen pral chèche de kat ke sòm nan bay 5! Ann wè. Èske sòm de kat sa yo bay 5?”



Di, “Wi! Gen 4 pwen sou kat sa a, epi plis yon lòt pwen se 5!”

4. Di, “Kounye a, se tou pa nou. Èske nou ka jwenn de kat ki fè 5?”
5. Jwèt la fini lè tout kat yo matche.

KONSÈY POU JWE

- Si timoun yo pare, ou ka ajoute kat pwen ak kat nimerik ki pi gran pase 5. Ou ka jwe Fè 6!, Fè 7!, Fè 8!, Fè 9! epi Fè 10! Ou kapab tou itilize twa kat pou fè jwèt la pi difisil. Jis asire w ke tout jwè yo ap chèche jwenn menm nimewo objektif la.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Jwèt sa a konsantre sou konpozisyon nimewo, sa vle di konnen ke de nimewo ki pi piti fè yon nimewo ki pi gwo. Nan jwèt sa a, timoun yo ap chèche de pi piti nimewo ki ansanm fè sòm 5.
- Li enpòtan pou timoun yo rekonèt ke yon kantite yo ba yo ka reprezante nan diferan fason — ak dwèt, chif, pwen nan konfigirasyon diferan, ak plis ankò. Pran abitud jwe ak nimewo nan plizyè fòm ede ranfòse konsèp sa a.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

Nimewo: Operasyon

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe Fè 5.